



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 18 oktòb 2012

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON NAN ADMINISTRASYON LI

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi a nominasyon sa yo nan Executive Chamber a.

- **De'Shawn Wright**, ansyen majistra adjwen pou Edikasyon nan Washington, D.C. nonmen Sekretè Adjwen pou Edikasyon.
- **Ian Rosenblum**, ansyen Sekretè pou Politik & Planifikasyon nan administrasyon Gouvènè Rendell nan Pennsylvani, nonmen Direktè Kowòdinasyon Politik.
- **David Lobl**, ansyen Direktè Afè Piblik ak gouvènmantal nan Human Care Services for Families and Children, Inc, Inc., nonmen Reprezantan Kominote a.

“Chak moun sa yo pral pote ane eksperyans yo, enèji ak nouvo lide nan efò nap fè pou rekonstri Eta New York,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Mwen enpasyan pou kòmanse travay ak nouvo manm administrasyon an nan sèvis nap bay abitan eta sa a.”

### **De'Shawn Wright, Sekretè Adjwen pou Edikasyon**

Depi mwa janvyè 2011, De'Shawn Wright te travay kòm Majistra Adjwen pou Edikasyon nan Washington, DC kote li te responsab kreyasyon ak enplemantasyon yon strateji ‘nesans rive 24 an’ ki gen ladan edikasyon preskolè, K-12, fòmasyon apre segondè ak devlopman mendèv. Mesye Wright te kòmanse karyè li nan edikasyon piblik kòm yon manm Teach for America corps nan lane 1998, kote li tap anseye klas mwayen nan New York City. Apre li te travay kat lane antanke edikatè, Wright te travay nan Biwo Operasyon Majistra New York City a kòm analis politik, li tap sipèvizè operasyon, pwogram, ak sèvis ajans vil la nan Inite Zafè Komèsyal. Wright te tounen nan Depatman Edikasyon New York City nan lane 2003 kòm manadjè pwogram pou lekòl ak patenarya komèsyal nan Biwo Patenarya Stratejik, epi annapre te travay nan Biwo Nouvo Lekòl ak Biwo Chanselye a. Mesye Wright te rantre nan ekip wo nivo lidèship pou nouvo Majistra Newark la, Cory Booker, nan mwa dawout 2006, kote lite toudabò konseye nan zafè Edikasyon Vil la avan li te vinn Premye Konseye Politik Majistra a. Mesye Wright te etidyan premye sik nan James Madison University epi te pran yon Mastè nan Public Administration nan New York University's Robert F. Wagner School of Public Service nan lane 2002.

### **Ian Rosenblum, Direktè Kowòdinasyon Politik**

Ian Rosenblum te yon manm Biwo Gouvènè Pennsylvani Ed Rendell's pou Politik & Planifikasyon pou preske sèt lane, kòm Sekretè Politik & Planifikasyon nan fen Administrasyon

Haitian Creole

an. Li te konsantre l anpil nan politik pou edikasyon, ak lòt eksperyans nan kominikasyon stratejik, elaborasyon bidjè leta ak lòt domenn politik tankou devlopman mendèv ak refòm fiskal. Mesye Rosenblum te travay tou kòm direktè politik pou de kanpay pou pòs gouvènè. Pa gen twò lontan li te Vis Prezidan Civic Entertainment Group nan Vil New York, ki tap sipòte initiativ NBC News Education Nation lan. Mesye Rosenblum te diplome nan University of Pennsylvania epi te pran diplòm Mastè li nan University of Pennsylvania's Fels Institute of Government.

### **David Lobl, Reprezantan Kominote a**

David Lobl pral travay kòm reprezantan ak lyezon kominote a, patikilyèman pou popilasyon jwif New York. Mesye Lobl ap kite pòs Direktè Zafè Piblik ak Gouvenmantal nan Human Care Services for Families and Children, Inc. li te genyen depi janvye 2012. Avan sa, li te travay nan menm pozisyon an pou Friedlander Group, yon antrepriz relasyon piblik ak defans enterè politik. Lobl te pran yon bakaloreya nan Dwa Talmidik nan Derech HaTalmud epi li te etidye nan Aderes Hatorah nan Jerusalem.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418